

# Sant Resous pou Inovasyon: Sipò pou Anplwaye Federal Maryland yo

27 mas 2025

Chè Terps,

Gouvènè Moore te anonse mwa pase a nouvo aksyon pou [sipòte anplwaye federal Maryland yo](#) nan eksplòre nouvo opòtinite, lanse nan nouvo karyè, ak jwenn pasyon yo isit la menm nan Maryland. Nou kontan rejwenn li nan efò sa a ak lansman nouvo [Sant Resous pou Inovasyon](#) nou an pou abitan Maryland yo ki afekte nan vag revokasyon anplwaye federal, tranzisyon pwofesyonèl ak chanjman finansman an.

Rezilta yon kokennchenn patenarya ant Sant pou Angajman Kominotè nou an, Etid Pwolonje, ak Divizyon IT, sant la gen ladan pwogram edikasyon pwofesyonèl epi k ap kontinye, resous espesyal pou nouvo antreprenè ak ansyen etidyan nou yo, ak resous devlopman karyè gratis. Epitou gen yon tchatbot disponib pou konekte moun ak resous enpòtan toudepan objektif endividyèl yo. Inisyativ sa a bonjan refilete angajman nou k ap kontinye pou investi nan moun ak kominote yo—ni anndan ni deyò kanpis nou an.

Nou ankouraje w pataje nouvo resous sa a ak fanmi w, zanmi w ak nenpòt moun ki nan rezo w ki ka ap chèche resous sou kesyon chanjman karyè.

Misyon nou se edike ak prepare nouvo lidè yo, dekouvri nouvo konsepsans, epi fè dekouvèt revolisyonè—tout sa pandan n ap travay nan enterè piblik la ak kreye yon kominote swen. Nou fyè dèske nou se pi gwo inivèsite eta a, epi se yon onè pou nou sèvi ni kominote inivèsite

nou an ni moun Maryland.

Sensèman,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is written in a cursive style with a large initial 'D'.

**Darryll J. Pines**

Prezidan, Inivèsite Maryland, College Park  
Li (Pwonon Maskilen)

A handwritten signature in black ink that reads "Jennifer King Rice". The signature is written in a cursive style with a large initial 'J'.

**Jennifer King Rice**

Vis Prezidan Prensipal epi Dwayèn  
Li (Pwonon Femenen)